# Шымбайда 200 ден аслам жаңа жумыс орынлары жаратылады

Image not found or type unknown

Шымбай районы «Көкши қала» мәкан пуқалар жыйыны аймағында шет ел инвестициялары тийкарында «ZANG TEX» жуўапкершилиги шекленген жәмийети тәрепинен жәми баҳасы 103 млрд. 700 млн. сўм муғдарындағы ийирилген жип ислеп шығарыў жойбары әмелге асырылмақта.

Бүгинги күнде Қытай мәмлекетинен ислеп шығарыў үскенелери толық жетип келген, текстиль фабрикасының қурылыс жумыслары алып барылмақта. Жойбар иске түсирилгеннен соң 200 ден аслам жаңа жумыс орынлары жаратылады ҳәм жылына 4 мың тонна ийирилген жип ислеп шығарыў̄ жолға қойылады.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Район ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети